

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Kamampuh nulis surat pribadi siswa kelas VIII C SMP Negeri 1 Lembang saméméh ngagunakeun média *game* masih kénéh handap. Ieu hal kabukti tina hasil tés nulis surat pribadi, rata-rata siswa can mampuh nulis surat pribadi anu hadé hartina anu saluyu jeung aspék-aspék dina sarat surat anu hadé. Tina 23 siswa anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan, ngan aya 8 urang (34,78 %) siswa anu dianggap mampuh atawa peunteunna leuwih gedé ti KKM (70), sedengkeun sésana 15 urang (65,22 %) siswa dianggap can mampuh atawa peunteunna leuwih leutik ti KKM (70).

Sanggeus ngagunakeun média *game*, kamampuh nulis surat pribadi siswa kelas VIII C SMP Negeri1 Lembang téh ningkat. Jumlah siswa anu dianggap mampuh nulis surat pribadi téh ningkat 43,48 % anu asalna saméméh ngagunakeun média *game* mah siswa anu dianggap geus mampuh nulis surat pribadi téh ngan aya 8 urang (34,78 %) siswa, ari sanggeus ngagunakeun média *game* mah ningkat jadi aya 18 urang (78,26 %) siswa anu dianggap geus mampuh nulis surat pribadi téh.

Sedengkeun hasil uji sipat data nunjukkeun yén data hasil pretés jeung postés dina ieu panalungtikan téh distribusi datana teu normal dina taraf kapercayaan 99,5%, ku lantaran dina pretés $X^2_{itung} = 161,44 > X^2_{tabel} = 12,8$, kitu deui dina postés, $X^2_{itung} = 369,3 > X^2_{tabel} = 12,8$. Ieu hal téh ngajawab hipotésis

yén distribusi data dina pretés jeung postés na téh teu miboga distribusi data anu normal, ku lantaran dina uji sipat data ieu teu miboga distribusi data anu normal ku kituna teu kudu diayakeun uji homogénitas.

Sanggeus diuji sipat datana, tuluy diayakeun uji gain, tina uji gain nunjukkeun yén béda rata-rata peunteun antara hasil pretés jeung postés téh nya éta 264. Éta hartina, aya béda anu signifikan kamampuh siswa dina nulis surat pribadi anu hadé antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *game*. Sanggeus ngagunakeun ieu média *game*, kamampuh siswa dina nulis surat pribadi anu hadé jadi ningkat.

Sanggeus diayakeun uji sipat data jeung diuji gain, tuluy diayakeun uji hipotésis. Ku lantaran uji sipat datana nunjukkeun yén hasil tina ieu panalungtikan distribusi datana teu normal, ku kituna dina nguji hipotésisna ngagunakeun analisis non-paramétrik, nya éta ngagunakeun *Uji Wilcoxon*. Dina *Uji Wilcoxon* dumasar kana tabél harga-harga kritis pikeun $n=23$ dina taraf kasalahan 5% téh nya éta $W_{\text{tabél}} = 73$. Tina hasil *Uji Wilcoxon* nunjukkeun yén jumlah jenjang minimalna $-4 <$ tibatan 73 dina taraf kasalahan 5% anu hartina H_0 ditarima yén média *game* téh éféktif dina pangajaran nulis surat pribadi siswa kelas VIII C SMP Negeri 1 Lémbang taun ajar 2010/2011.

5.2 Saran

Sanggeus ngayakeun panalungtikan sarta ngabuktikeun hipotésis yén média *game* téh éféktif dina pangajaran nulis surat pribadi siswa kelas VIII C SMP Negeri 1 Lémbang, ku kituna dipiharep hasil tina ieu panalungtikan téh bisa

dimangpaatkeun sahadé-hadéna ku mahasiswa, guru jeung saha waé anu butuh kana hasil tina ieu panalungtikan. Aya sababaraha saran anu baris ditepikeun ku panalungtik sanggeus ngayakeun ieu panalungtikan. Éta saran-saran téh saperti ieu di handap.

- 1) Guru kudu bisa ngamangpaatkeun atawa ngoperasikeun média-média pangajaran anu aya di sakola.
- 2) Ku lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén anu teu maké kelas kontrol, ku kituna panalungtik miharep aya panalungtikan séjén anu maké kelas kontrol nya éta métode ékspérimén murni ngeunaan média pangajaran anu éféktif dina pangajaran nulis surat pribadi.
- 3) Ku sabab hipotésis tina ieu panalungtikan nunjukkeun yén média *game* téh éféktif dina pangajaran nulis surat pribadi siswa kelas VIII C SMP Negeri 1 Lembang. Ku kituna, panalungtik miharep sangkan ieu média *game* téh dijadikeun média pangajaran alternatif, umumna dina pangajaran basa Sunda, hususna dina pangajaran nulis surat pribadi.
- 4) Guru kudu bisa milih média atawa métode pangajaran anu cocok jeung matéri anu diajarkeun ka siswa. Panalungtik miharep sangkan guru bisa nyobaan ngagunakeun média *game* dina pangajaran nulis surat pribadi.